

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Lokasi, Sumber Data, jeung Data Panalungtikan

##### 3.1.1 Lokasi


Ieu panalungtikan téh dilaksanakeun di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat. Désa Pagerwangi téh perenahna aya di Kacamatan Lembang. Upama ditempo tina tipologina, Pagerwangi téh kaasup kana daérah luhur, sabab lobapasir, katambah deui aya gunung batu. Wates-watesna nya éta beulah kulon kawatesanan ku Désa Wangunsari, beulah wétan kawatesanan ku Désa Langensari, beulah kidul kawatesanan ku Désa Mekarwangi, sedengkeun beulah kalér kawatesanan ku Désa Kayuambon.

Désa Pagerwangi legana kira-kira 120,22 ha/m<sup>2</sup>, kabagi jadi sababaraha bagéan, nya éta, lega pamukiman 7,8 ha/m<sup>2</sup>, *legapemukaman* 2,5 ha/m<sup>2</sup>, lega pakarangan 1,5 ha/m<sup>2</sup>, lega taman 1,02 ha/m<sup>2</sup>, *legaperkantoran* 0,5 ha/m<sup>2</sup>, jeung pasilitas umum séjénna 1 ha/m<sup>2</sup>.

Komoditas anu dihasilkeun di Désa Pagerwangi di antarana sayuran kayaning: jagong, kacang panjang, cabé, tomat, sawi, kentang, engkol, bonténg, brokoli, salada, taleus, wortel; bungbuahan kayaning: jeruk, alpuket, kadu, cau, nangka, jeung stroberi; tangkal cengkéh; ingon-ingon kayaning: sapi, hayam kampung, kuda, domba, kelenci; jeung produksi tina sapi nya éta susu.

Jumlah penduduk Désa Pagerwangi aya 8.959 urang anu kabagi kana 2.763 kuren. Pakasaban masarakat Désa Pagerwangi lolobana patani. Masarakat geus waranoh kana téhnologi modéren, tapi masih aya kénéh anu mertahankeun kahirupan cara tradisional. Contona, mun gering teu langsung ka dokter atawa maké ubar warung, tapi masih aya kénéh anu ngamangpaatkeun tutuwuhan pikeun ubarna, misalna mun nyeri mata maké seureuh. Tapibeuki dieu, hal-hal nu tradisional téh geus kaéréd ku hal-hal nu modéren, kaasup kaulinan tradisional.

Gambar 3.1  
Peta Wilayah Désa Pagerwangi



Sumber gambar ti kantor désa Pagerwangi

### 3.1.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc.172), sumber data nya éta ti mana asal datangna data. Dumasar kana éta hal, sumber data ieu panalungtikan nya éta narasumber/informan, nu mikanyaho kana kaulinan tradisional nu aya di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat, boh ngeunaan palaku, waktu, tempat, pakakas, jeung prak-prakanana, boh barudak anu sok arulin kaulinan tradisional.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta jalma salaku narasumber atawa informan dina waktu wawancara, lobana genep urang, saurang lalaki jeung lima urang awéwé. Total kaulinan tradisional anu kapaluruh aya 43. Sangkan leuwih jéntré katitén dina tabél narasumber ieu di handap.

Tabél 3.1  
Data Narasumber Kaulinan Tradisional di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat

No.	Ngaran	Umur	Alamat	Pakasaban	Jumlah kaulinan	No.	Ngaran kaulinan	Waktu mupu kaulinan
1	2	3	4	5	6	7	8	9
1.	Dadi	46	Pagerwangi RT 01/02	Pagawé BRI	8	1 2 3 4 5 6 7 8	Bedil Sorolok (Palapah cau) Jajangkungan Bandring Langlayangan Bancakan Beklén Boy-boyan Congkak	20 Januari 2014
2.	Emar	60	Pagerwangi RT 01/02	IRT	7	9 10 11 12 13 14 15	Lelempengan Luncat Tinggi/Ajleng-ajengan Ngadu Kaléci Sapintrong Sondah/Péclé Ucing Jidar Barén	20 Januari 2014
3.	Yeni	45	Pagerwangi RT 01/02	IRT	7	16 17 18 19 20 21 22	“Cacag Guramé” “Dol Mikadol” “Donal Bébék” “Endog-endogan” Gagarudaan Hahayaman Hitam Hijau	20 Januari 2014

1	2	3	4	5	6	7	8	9
4.	Dini	21	Pagerwangi RT 01/02	Mahasiswa	13	23 24 25 26 27 28 29 30 31 32 33 34 35	Jeblag Panto "Kelenang-kelenéng" "Kotak Pos" "Mamah Papah Pergi" Mejikuhibiniung "Mimi-mimi" "Oray-orayan" "Pa Polisi" "Paciwit-ciwit Lutung" "Pa Tani" "Pérépét Jéngkol" "Pipo-pipo" "Saya Orang Kaya"	20 Januari 2014
5.	Dedeh Winarti	47	Pagerwangi RT 01/02	IRT	5	36 37 38 39 40	"Slépdur" "Susu Tela" Ucing Asin/Galah Ucing Buhaya Ucing Dua Lima/Ucing Sumput	20 Januari 2014
6.	Rosani	28	Pagerwangi RT 01/02	IRT	3	41 42 43	Ucing Tidur "Ucing Kacugak" Ucing Nagog	20 Januari 2014

Diropéa ku Hadid (2013) tina Isnendes


### 3.1.3 Data Panalungtikan

Nurutkeun Siswantoro (2010, kc.70), data nya éta sumber informasi nu rék diseléksi minangka bahan analisis. Data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kaulinan tradisional nu geus dikumpulkeun ku panalungtik nu aya di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat, utamana di Kampung Bukanagara. Data anu dianalisis mangrupa kaulinan tradisional anu strukturna (basa, eusi, purwakanti, wangun jeung wirahma, waktu jeung tempat, palaku, pakakas, jeung prak-prakan) bisa dianalis sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas VII.

### 3.2 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc.90), desain panalungtikan nya éta rencana atawa rarancang nu dijieun ku panalungtik, salaku ancer-ancer kagiatan anu rék dilaksanakeun. Léngkah-léngkah nyusun ieu panalungtikan katitén dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan





### 3.3 Méthode Panalungtikan

Nurutkeun Siswanto (2010, kc.55), métode nya éta cara anu digunakeun ku hiji panalungtik dina usaha ngungkulan masalah anu ditalungtik. Sedengkeun nurutkeun Arikunto (2010, kc.203), métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Jadi, métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan pikeun ngungkulan masalah anu keur ditalungtik.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Nurutkeun Syamsuddin jeung Damaianti (2007, kc.24), métode déskriptif nya éta métode pikeun ngagambarkeun kaayaan masalah nu keur disanghareupan, ku cara nyieun papasingan data, nganalisis data, napsirkeun data, anu satuluyna nyieun kacindekan.

Masalah nu digambarkeun dina ieu panalungtikan nya éta rupa-rupa hal anu aya dina kaulinan tradisional di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat, utamana nu aya di Kampung Bukanagara, sarta nganalisis struktur anu aya dina kaulinan tradisional tuluy diterangkeun sacara déskriptif.

### 3.4 Wangenan Oprasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tapsir kana ieu panalungtikan, aya sababaraha istilah nu kudu dijéntrékeun.

- 1) Struktur nya éta gagasan anu mandeg mandiri, teu mikabutuh hal-hal di saluareun dirina pikeun mertahankeun prosedur transformasi.
- 2) Kaulinan tradisional nya éta sagala paripolah boh ngagunakeun alat boh teu ngagunakeun alat, anu diwariskeun sacara turun-tumurun ti karuhun salaku sarana pikeun hiburan atawa pikeun nyenangkeun haté.
- 3) Bahan pangajaran maca nya éta komponén anu teu bisa ditinggalkeun jeung disapirakeun dina pangajaran, lantaran bahan pangajaran minangka inti tina prosés diajar-ngajar, anu ditepikeun ka murid dina prosés maham

harti anu aya dina basa tulisan jeung kagiatan nu sipatna kompléks sarta merlukeun prosés mikir.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Siswantoro (2010, kc.73), instrumén hartina pakakas atawa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Sedengkeun nurutkeun Arikunto (2010, kc.203), instrumén panalungtikan nya éta pakakas atawa *fasilitasanu* digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana jadi leuwih babari sarta hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nepi ka leuwih babari dikokolakeunana. Ku kituna, instrumén panalungtikan anu digunakeun nya éta format wawancara, format observasi, jeung alat rékam.

Alat rékam nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *handphone* jeung *camera digital*. *Handphone* digunakeun pikeun ngarékam sora dina prosés wawancara ka informan. Ari *camera digital* mah digunakeun pikeun ngarékam dina wangun vidéo jeung ngadokuméntasikeun poto kaulinan tradisional di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat, utamana nu aya di Kampung Bukanagara. Format wawancara jeung format obsérvasi pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kaulinan tradisional ti narasumber nu nyaho kana kaayaan kaulinan nu aya di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat. Nu jadi instrumén utama dina ieu panalungtikan nya éta format tabél data informan. Bisa katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2  
Data Informan jeung Kaulinan Tradisional

Ruang Lingkup Data	
Data Informan	Data Kaulinan Tradisional
1	2
1.1 Ngaran Narasumber 1.2 Umur Narasumber 1.3 Alamat Narasumber 1.4 Pakasaban Narasumber	2.1 Ngaran-ngaran kaulinan 2.2 Struktur jeung wangun kaulinan

Diropéa ku Hadid (2013) tina Isnendes

Tabel 3.3  
Format Observasi

Lokasi Objék : .....

Tanggal/Jam : .....

Panalungtik : .....

Data/hasil panalungtikan

Diropéa ku Kadir (dina Syamsuddin jeung Damaianti, 2007)

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung studi dokuméntasi.

#### 1) Talaah Pustaka

Nurutkeun Fathoni (2011, kc.95), talaah pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis anu aya patalina jeung subjék panalungtikan, mangrupa buku atawa dokumén-dokumén.

#### 2) Obsérvasi

Nurutkeun Satori jeung Komariah (2011, kc.105), obsérvasi nya éta téhnik anu digunakeun pikeun niténan hiji objék anu ditalungtik, boh sacara langsung boh sacara teu langsung pikeun nyangking data anu kudu dikumpulkeun dina panalungtikan.

#### 3) Wawancara

Nurutkeun Satori jeung Komariah (2011, kc.130), wawancara nya éta téhnik anu digunakeun dina ngumpulkeun data pikeun nyangking informasi anu diguar ti narasumber data langsung ngaliwatan paguneman atawa *tanya jawab*.



#### 4) Studi Dokumentasi

Nurutkeun Satori jeung Komariah (2011, kc.149), téhnik studi dokumentasi digunakeun pikeun ngumpulkeun dokumén jeung data-data anu diperlukeun dina panalungtikan nu bisa ngarojong jeung nambahan kapercayaan dina ngabuktikeun hiji kajadian.

#### 3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta nganalisis data tina hasil obsérvasi, wawancara, jeung dokumentasi anu dijadikeun bahan dina ieu panalungtikan.

Tahap-tahap dina ngolah data dijéntrikeun ieu di handap:

- 1) niténan data ngeunaan kaulinan tradisional nu aya di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat;
- 2) data nu geus kakumpulkeun tuluy dianalisis; jeung
- 3) nyieun kacindekan tina data nu geus diolah.